



Pwogram Prevansyon ak Edikasyon Osteyopowoz nan Florid

YON TI APÈSI

Apeprè 28 milyon Ameriken soufri ak osteyopowoz oswa yo kouri gwo danje pou yo devlope li. 80% nan moun sa yo se fanm. Yo prevwa chif sa a va monte 41 milyon bò lane 2015 konsa, sòfsi yo ta pran mezi pou anpeche maladi a. Youn sou chak de (2) fanm ak youn sou chak uit (8) gason genyen yon chans pou yo ta soufri pandan lavi yo, yon ka zo kase ki makònen ak osteyopowoz. Maladi osteyopowoz la reskonsab pi plis pase 1.5 milyon ka zo kase chak lane, sa ki vin bay apeprè \$14 milya dola kòm lajan pou swen lasante chak lane. 50 000 moun konsa mouri chak lane ak konplikasyon poutèt ka zo hanch kase ki makònen ak osteyopowoz.

FINANSMAN FLORID

Nan lane 1996, chanm lejislati Florid la te fè pase lwa F.S. 381.87 ki te kreye Pwogram pou Prevansyon ak Edikasyon sou Osteyopowoz. Objektif pwogram sila a se te pou “tabli, voye monte ak kenbe byen djanm pwogram pou prevansyon ak edikasyon sou osteyopowoz pou yo te ka louvri je piblik la sou kòz maladi a, lòt solisyon pou evite li, jan li enpòtan pou detekte maladi a bonè ak kèk tretman ki posib san bliye avantaj ak danje tretman sa yo reprezante.” Depi mwa Jiyè lane 1998 lan, yo te mete sou kote lajan pou finanse pwogram sa a; epi yon tèt ansanm te vin fèt ak Depatman Lasante ak Depatman pou Zafè Ti Granmoun yo, pou rive touche sitwazyen tout laj nan Florid.

JAN Y AP METE PWOGRAM NAN SOU PYE

Depatman Lasante LaFlorid mare yon alyans ak Sant Lokal pou Ledikasyon sou Lasante yo (AHEC), Depatman Lasante Konte yo ansanm ak sitwayen ki konsène yo pou mete sou pye pwogram edikasyon n ap site la yo:

- ❖ **Bone Builders – Pwogram Edikasyon pou Granmoun**
ne Builders se yon pwogram ledikasyon ki fè moun patisipe ladan li; yo te devlope li pou bay yon pwogram ki gaye nèt nan kominote a, pou yo fè ledikasyon piblik la sou kòz maladi a, jan pou yo evite li; pou fè dyagnostik li, ak jan pou yo trete maladi osteyopowoz la.
- ❖ **Bone Zone – Pwogram Edikasyon pou Timoun**
Bone Zone nan se yon pwogram ledikasyon yo te devlope pou fè edikasyon timoun sou maladi osteyopowoz la. Se yon pwogram ki fè moun patisipe ladan li, epi ki fèt pou moun aprann sa osteyopowoz la ye ak kijan pou yo kenbe zo yo anfòm epi evite osteyopowoz lè yo granmoun.

PWOGRAM POU LAVNI

Evite osteyopowoz va mande edikasyon pwofesyonèl ak edikasyon piblik. Depatman Lasante a angaje tèt li pou li bay moun Florid yo enfòmasyon sou osteyopowoz, sou kijan pou yo fòme ak kenbe zo yo byen djanm pou yo ka genyen yon lasante kòdyòm ak endepandans yo nètale pandan tout lavi yo.